



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL JWENN DEKLARASYON IJANS PREZIDAN BIDEN AMEZI TANPÈT IVÈ A AP ANTERE KOMINOTE NEW YORK YO NAN NÒ ETA A AVÈK APEPRÈ SÈT PYE NÈJ**

*Deklarasyon ijans Prezidan Biden pou 11 konte yo nan kad [Eta Ijans Gouvènè](#) a bay aksè a finansman federal pou konte ki afekte yo pou sipòte operasyon entèvansyon yo*

*Resous entèvansyon ijans ajans Eta a kontinye ede gouvènman lokal yo nan efò netwayaj ak restorasyon apre chit nèt istorik la*

*Yo te rapòte 80 pous nèt nan Orchard Park nan Konte Erie, avèk akimilasyon maksimòm chit nèt ki se sis pous pa èdtan; Plizyè pati nan Vil Buffalo ak Vil Lackawanna rete anba entèdiksyon vwayaj*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Prezidan Biden te apwouve demann li pou yon Deklarasyon Ijans pou Konte Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Genesee, Jefferson, Lewis, Niagara, Oneida, Oswego, St. Lawrence, Wyoming, apre tanpèt ivè istorik ki te antere kèk nan kominote nò Eta New York yo avèk prèske sèt pye nèt semèn pase a. Dapre yon Deklarasyon Ijans, asistans federal dirèk la disponib pou konte yo ki nan lis anvan yo epi FEMA gen otorizasyon pou bay mezi pwoteksyon ijans pou Eta a ki gen ladan operasyon rechèch ak sekou, ansanm ak aksyon pou pwoteje enfrastruktir enpòtan tankou wout ak pon, enstalasyon kontwòl dlo, sèvis piblik, ak enstalasyon transpò an mas. Anba direksyon Gouvènè Hochul, resous entèvansyon ijans ajans yo nan Eta a sou plas nan zòn Lwès New York, New York Santral ak North Country ki afekte yo, pou ede gouvènman lokal yo nan efò netawayaj ak restorasyon yo.

"Mwen remèsye Prezidan Biden dèske li te apwouve demann deklarasyon ijans nou an ak patenarya solid nou k ap kontinye ansanm ak Senatè Schumer pou asistans li nan jwenn sekou pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip mwen an ak mwen menm pral kontinye travay tout lajounen ak lannuit pou kenbe tout moun an sekirite, ede kominote yo fouye, epi sekirize chak dènye dola pou ede rekonstwi ak retabli anba tanpèt ivènal istorik san parèt sa a ki bat rekò".

Pandan wikenn lan, Gouvènè Hochul te soumèt yon demann bay gouvènman federal la pou yon Deklarasyon Ijans, ki te apwouve nan dimanch swa. Dènye fwa Eta New York

te soumèt yon demann Deklarasyon Ijans pou yon tanpèt ivènal similè se te an 2014, lè li te pran plizyè semèn pou apwouve demann lan. Yon Deklarasyon Ijans kapab deklare pou nenpòt okazyon oswa sitiwayon kote Prezidan an detèmine asistans federal nesèsè. Deklarasyon sa yo konplete efò Eta ak lokal yo nan bay sèvis ijans tankou pwoteksyon lavi, pwopriyete, sante ak sekirite piblik oswa diminye oswa ranvèse menas yon katastwòf nan nenpòt pati nan Etazini. Gouvènè Hochul pral mande Administrasyon Ti Biznis federal la tou pou evalye kijan li kapab ede ti biznis yo ki te andomaje nan tanpèt la nan 11 konte yo ak konte vwazen yo, yon fwa operasyon yo nan eta a fè tranzisyon soti nan entèkansyon pou pase nan mòd rekiperasyon.

Gouvènè Hochul ak Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) la, Jackie Bray, ankouraje responsab lokal yo nan konte ki afekte yo pou kontinye travay ak jesyonè ijans konte yo a pou soumèt nenpòt bezwen resous dirèkteman nan NY Responds (NY Reponn), sistèm ki baze sou entènèt eta a ki pèmèt gouvènman lokal ak ajans eta yo soumèt epi pataje enfòmasyon vital ki gen rapò ak ijans ak demann pou resous.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Gras a Gouvènè Hochul ak Prezidan Biden, deklarasyon ijans sa a pral bay gouvènman lokal ke Eta a ap sipòte depi anvan tanpèt la sekou federal ki nesèsè anpil. Ekip mwen an ak mwen menm pral travay dirèkteman ak FEMA pou maksimize enpak finansman sa a pou asire kominote nou yo ka retounen nan nòmal".

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) ak Biwo pou Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control) nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Lapolis Eta New York, Otorite Thruway (Thruway Authority) ak Gad Nasyonal kontinye rete konplètman angaje pou sipòte gouvènman lokal yo avèk entèkansyon nan tanpèt ivènal la ak eliminasyon nèj ak operasyon netwayaj yo.

Anvan nèj efè lak la rive nan jedi, Gouvènè Hochul te deklare yon [Eta Ijans pou 11 konte ak konte vwazen yo](#), ki rete anvigè. Anplis de sa, ekspè nan jesyon ijans New York yo te an kominikasyon konstan ak omològ lokal yo pandan plizyè jou anvan evènman an.

Tanpèt ivènal ki te kòmanse jedi a te afekte plizyè rejyon nan Eta a jiska dimanch, avèk 80 pous nèj yo rapòte nan Orchard Park nan Konte Erie, ak plis pase sis pye nèj yo rapòte nan kèk pati nan Konte Erie ak Jefferson. Pandan tanpèt la, zòn sa yo te fè eksperyans pousantaj chit nèj ki konsistan nan de-a-twa pous pa èdtan, kote kèk te gen yon pik sis pous chit nèj nan inèdtan. Chit nèj entans sa a te kreye kondisyon vwayaj trè danjere.

Ekip Rekiperasyon Katastwòf DHSES la pral imedyatman kòmanse travay avèk 11 konte yo ki endike nan Deklarasyon Ijans lan pou maksimize asistans federal la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418